Ассаламу гІалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 10 март
РУЗМАН

№ 10 (7445)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Байрамал

## Жакъа хирияб къо кIодо гьабизин...



Агъвали маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана тIобитIана халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо-8 марталда хурхараб байрамалъул рохалилаб тадбир.

Гьеб рагьулаго районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас бицана байрамалъул тарихалъул, жидерго ихтиярал цIуни тIалаб гьабун къватIире рахъаразул тIалабал жакъаги кIвар бугеллъун рукIиналъул.




«Нилъер руччаби кидаго рукIана, жакъаги руго нилъер эбел-инсуе, лъимал-хъизаналъе, ватIаналъе ва магIарул яхI-намусалъе ритIухъал.Гьез кIудияб кIвар лъола районалъул жамгIияб гIумруялъульги.

Хириял руччаби! Баркула нужеда 8 Март. Гьарула нужее сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI, ракълилаб гIумру, рокьи ва аваданлъи»,-ян байбихьи лъуна районалъул бетIерас байрамалъул тадбиралъе.

Баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул руччабазул советалъул председатель Асият Ибрагьимовальги.



АнвархIажи Вечедовас цо-цо идарабазул хIалтIухъаби-руччабазе кьуна гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ баркиялъул кагътал, грамотаби ва тIугьдудузул квацIаби.

Хадуб букIана байрамалъулаб концерт. ГIадатхIисабалда, гьениб гIахьаллъи гьабуна «ЦIумада» вокалияб къокъаялъул артистаз, Агъвали школалъул цIалдохъабазгун ахазул гьитIичаз.

ЗанкIун цIураб залалда гIеч бортизе бакI букIинчIо. Г1ахьаллъарал рази хутIана байрамалдаса.

ХIисабкьей

## ЖамагIат цолъани, хабар дагьлъула



Райадминистрациялъул аппаратаалъул хIалтIухъабаз, «зодире рахине нигатгун», Гьадирибе бухьана араб анкьалъ иргадулаб сапар. Ахираб анцIила ункъо соналъ кьечIеб росдал бегавуласул хIалтIул хIисабкьей тIоцебесеб нухалъ гIенеккизе ракIарана годекIанир росдал жамагIат ва районалъул хIакимзаби.

Бихьуларелдасан бихьулеб лъалкI цIикIкIун буго гьес росабазул гIолохъабигун цадахъ лъугьун гьабураб хIалтIул. Гьелъие нугIлъи гьабула росулъе унеб гIатIидаб ва бацIцIадаб шагьранухалъ, росдал къватIазда бугеб санитарияб рацIцIалъиялъ, росулъ учреждениязул бугеб хIалтIул низамалъ.

ГIураб заман буго МухIамадил гьеб хъулухъалда ва, жамагIаталъул цояс абухъего, «квешав нухмалъулев вукIаравани, гьебгунияб мехалъ гьадирисезгун гъачIилъаз божилъи загьир гьабилароан гьесде».

ТIадехун абухъе, росдал администрациялъул бетIерасул тIоцебесеб хIисабкьеялда гIахьаллъана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, районалъул прокурор Ильяс Вакилов, МВДялъул районалъул отделалъул нухмалъулев Элдар МухIамадов, районалъул, «ДЭП-40» нухазул идараялъул нухмалъулев АхIмад Давудов ва райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби.

Гьадири росдал администрациялъул бюджеталда бихьизабураб миллионгун лъабнусиялда ункъоялда анцIила щуазарго гъурущ, кибе ва сундуе хвезабурабали мухIкан гьабун бицана бегавулас. Администрациялъул аппаратаалъе харжал кьун хадуб, гьениб гIемераб жо хутIунгутIи.



1

# ЖамагIат цолъани, хабар дагьлъула



Бугониги, росабазул жамагIатазул ва Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловасул кумек-квербакъиялдалъун лъикIаб хIалалда чIезарун руго росулъ нухал, къасисеб канлъи, бакI-бакIазда ран руго хIажатханаби, балеб буго спортзал, бан буго цIияб школа ва халичаби чурулеб бакI, росун руго ГъачIилъ росдал канализациялъе марщаби, чIун руго гъутIби, босун буго росдал хIажалъабазе цементгун арматура, гIемерисел хIалтIаби гьарулел руго гIолохъабаз гваял тIоритIун.

Цогидал росабазул администрациябазул бутIрузго гIадин, МухIамад МухIамадовасги рехсана щибаб гъурущ кибе ва сундуе харж гьабурабали, налогазул планал тIураялъул, ва, росдал бюджеталъухъ балагьун течIого, гIаммаб къуваталдалъун гьаризе хIисабалде росарал хIалтIабазул.

Гьединаздасан ккола щунусго гьветI чIезе ва гьадирисезул хIорилъ ччугIа гIезабизе хIисабалде боси, тIадеги хIажатханаби рай, ГъачIилъ росдае гIураб къадаралда лъим чIезабизе хIавуз бай, спортзал бан рагIалде бахъинаби ва цогидалги.

Гьединго гьес баркала загьир гьабуна росулъ тIоритIулел тадбиразулъ жигараб гIахьаллъи гьабулел кIиябго росдал гIолохъабазе ва ГIабдурахIман Камиловасе.

Гьединго гьес баян гьабуна, гIадлу биххараб гьаб заманалда, гьадирисезул цоиги гIолохъанчи гьечIин полициялъул хасаб учеталда, гьеб учеталде ккарав ГъачIилъа кIигоявгун профилактикиял гара-чIвариял гьарулин ва хIаракат бахъулин жамгIиял хIалтIабазулъ гIолохъаби гIахьал гьаризе.

Районалъул бетIерас жиндирго кIалъаялъе байбихьи лъуна росулъан рахъарал машгьурал гIадамал рехсеялдасан ва тIадчIей гьабуна гьездасан мисал босун, гьединал борхалъабазде рахине хIаракат бахъун, росдал бегавуласда сверухъ гьункун, цоцазда данде чIун, цоцазул напс гIодобегIан гьабулел рагIаби рехулел рукIинчIого, цадахъ рукь цIан, хIалтIизе. Хадуб гьес тIадчIей гьабуна росдал бюджеталде рачIунел налогал ракIариялъул план тIубаялда, ракьал сагабазде сверизе течIого, рекьизе ва хIалтIизаризе, ай, росдал магIишаталде кIвар буссинабиялда.

«Гьадинал тадбиразда букIине ккола цогидазе ва жиндиего къимат кьей, хIалтIул анализ гьаби, гIоларел рахъал загьир гьари, амма гьеб букIине ккола «рекIелъ кьараб басрияб гIомо-горо гьурщичIого», росдае ва жамагIаталъе пайдаяб рахънибе хIалтIи буссинабизе квербакъулеб. Росдал бегавуласда рагIизе ккола жамагIаталъул гьаракь ва цадахъ ралагьизе ккола гIадамазул гIумру-яшав лъикIлъизабиялъе ресал. Ахирал соназ улкаялда бугеб финансазулаб кризисалъ рес кьолеб гьечIо росабалъ гьеб рахъалъ гIемерисел суалал тIуразе, амма гьелъухъ балагьичIого, гваял тIоритIунги, халкъалъул яшав лъикIлъизабиялда тIад хIалтIизе ва ургъизе ккола»,-ян абуна АнвархIажи Вечедовас.

КIалъаялъул ахиралда АнвархIажи Вечедовас баркала загьир гьабуна росдал жамагIаталъе росдал бегавулгун цадахъ росулъ гьарурал хIалтIабазухъ.

«Гьадири» СПКялъул нухмалъулев Сапарбег ХIажиевас баркала загьир гьабуна районалъул тIалъиялъе, «кIочон тарал» гьадириселги ракIалде щун, жидехъе бухьараб сапаралъухъ, ва гьабураб ракIрагьараб гара-чIвариялъухъ.

Данделъиялда кIалъаял гьаруна Ильяс Вакиловас, Элдар МухIамадовас, райадминистрациялъул финансазулаб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаевас, Сапарбег ХIажиевас, школалъул директор МухIамад МухIамадовас, жамагIатчагIи МухIамад Идрисовас ва Расул ГьитIинмухIамадовас.



КIудияб бахIс ккана данделъиялда цо-цо суалазда сверухъ. Расул ГьитIинмухIамадовасул суалал гIемер рукIана гьалбадерие. Гьединаздасан ккана школалъул директорасул ва клубалъул хIалтIул хIакъалъулъ, налогал ракIариялъулъ риччалел гьалатIазул, умумузул ракьал ирсилазухъе кьунгутIиялъул ва цогидалги.

ГъоркьхутIелалъулаб кьагIидаги гьабун, къватIисан ритIичIониги жидехъе школалъул директорлъун хIалтIизе, жидергоги ругин школалъе нухмалъи гьабизе специалисталин абун цIакъ ракI унтун абуна Расул ГьитIинмухIамадовас ва тIадеги жубана анцIила ункъо соналъ росдае бегавуллъи гьабулаго, МухIамадица гьабураб хIалтIиго бихьуларин, гьеб хъулухъ цогидазухъе кьезе цебего заман щун бугин абун. Гьезда релълъарал «гьарахьиял» гIемер рукIана ГьитIинмухIамадовасул, амма циндаго цевегIанги вачIун, МухIамад Идрисовас росдал гIадлу биххизабулел цо-кIиго чи гIодоруссани, жамаг1атги цолъулин, хабарги дагьлъулин, щибго сас-калам гьечIеб росу жидерги бук1инин абун, бахIсалъе ахир лъолеб букIин бичIчIизабуна.



* * *

ГIадат хIисабалда, АнвархIажи Вечедовасда цадахъ рачIарал щвана росулъ ругел учреждениябазде. ЦIияб школалъул гIатIидал гвангъарал классазда ва жанахIалъуб бацIцIадго букIаниги, камичIо гьенир гIоларел рахъал-гьенир хIалтIулел ратичIо видеокамераби.



Гьебго хIал батана лъималазул ахикьги. ТIоцебе бугони, лъималазул кьижулеб рокъоб чIабар буго цементалъул, цохIо хъиликагъатги (толь) тIамун. Жанире лъугьаралго бачIана хIатIазде чIарбидасан квач. Цо-цо кванил нигIматалги ратана хIалтIизариялъул болжал рагIалде щвезе мех щолел. ХIалтIулел ратичIо гьенирги видеокамераби. Минаялъул щибаб бокIнилъ рукIине кколел камераби, щаялиго цохIо нуцIил кIалтIа ва жанахIалъур лъун руго. Хинлъиялъул ва рацIцIаракъалъиялъул рахъалъ къварилъи гьечIо ахикь.

Медпункталдаги батана жидерго пишацоязегицин хIалтIулъ мисалияб гIадлунизам. Амма мина сверухъ бакI къачIазе кколеб хIалалда буго.

Тартибалда лъун тIахьазул фондгун, къадада чIван тематикиял газеталгун, жанире рачIине ракI цIаледухъ, хинго ва берцинго батана росдал библиотека. Библиотекарь Басират Мирзаевалъ анцIила анкьго соналъ бажарун цебехун бачунеб бугин библиотекаялъул хIалтIиян абуна гьелъул хIалтIудаса разиял росуцоязги.

Цогидазул цIул-цIаялъул рахъалъ къварилъи гIемер букIуна, гьеб рахъалъ гьадирисезе, абухъего, «бихьун» буго газ бачиналъ.

Кинабго лъикI гIуцIун бугониги, цо-цо гIоларел рахъал ратана росдал администрациялда делопроизводство гIуцIиялъулъ. Гьеб рахъа гьезиеги малъа-хъваял гьаруна.

Гьебго къоялъ АнвархIажи Вечедов щвана АхIмад Давудовгун цадахъ ГъачIилъ росулъе росдал ахIвал-хIал лъазаби мурадалда.

**Хадижат Залимханова**

**КIванада росдал школалъ 90 сон тIубаялде**

# Районалъул лъайкьеялъул тIоцебесеб къебелъи

КIванада росулъ тIоцебе лъай щварал чагIилъун рикIкIунаан Дагъистаналда ислам тIибитIизабулеб мехалъ Абулмуслим щайихасул муридзабаз Къуръан малъарал гIадамал. АнцIила анкьабилеб гIасруялда росулъ бана мажгитгун мадраса. Гьелъие нугIлъи гьабула мажгиталъул миналда бугеб мармаралъул кьоноялъ. Гьелдаса нахъе байбихьана лъималаздагун чIахIиязда Къуръан малъизе. Къоабилел соназ байбихьана кинабго халкъ лъавукълъиялдаса къватIибе бачиналъул курс: росулъ, кулабазда, как балел ва хасал рукъзабахъ кьолел рукIана гIадамазда хъвазе-цIализе малъиялъул дарсал. Байбихьуда кинабго хъвай-цIали букIунаан гIараб алфавиталъул кьучIалда (гIажамалъ). РетIул МухIамадил рокъоб малъулаан ц1али-хъвай бихьиназда, живго РетIул рокъоб-лъималазда.



1917 соналде щвезегIан лъимал цIализарулаан мажгиталда жаниб рагьараб мадрасалда дибирзабазгун будунзабаз. Инкъилаб бергьун хадуб лъималаздагун чIахIиязда хъвазе цIализе малъулаан гIараб мацIалъул лъай бугел гIадамаз. Гьеб ишалъулъ гIахьаллъулаан жалго кIванадисел ва батIи-батIиял росабалъа рачIарал хъвазе-цIализе лъалел чагIи.

Росулъ тIоцебесеб школа рагьана 1927 соналъ: цин цо класс, хадуб-кIиго, цинги-лъабго. Гьеб букIана гIадамазул рукъзабахъ. Росдал школалъул тIоцевесев директорлъун вукIана Гьаквариса Зубаирил Залимхан. Гьес чанго соналъ гьабуна школалъе нухмалъи. 1934 соналъ росулъ бана школалъе мина.

**ГIали ГIумаров,** КIванада школалъул директор

**(Хадусеб букIине буго)**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагIалие - 51377
лъагIалие - 63302
Тираж -2030
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электрониияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# Баркула юбилей!



Гьал къояз гIумрудул 60 сон тIубана ЦIияб Сасикь росдал почалъул отделениялъул нухмалъулев АхIмад Сайгидмух1амадовасул.

ЛъикIав хIакимлъун вукIине киназего кьураб гьунар кколаро. Амма ЦIияб Сасикь росдал почалъул отделениялде гъорлъе кколел нижер хIалтIухъабазул талихI буго АхIмад гIадинав гьудул вукIиналъ.

Гьев вуго жиндирго ишалъул унго-унгояв махщалилав. Почалъул отделениялда гьес чIезабун буго заманалъулал тIалабазда рекъон оборудование. Гьенибго букIуна тIоцебесеб хIажалъиялъул къайиги.

Подписка гьабуразе газетал-журналалги, посылкабиги, къанагIатал рукIаниги, кагъталги гуребги, ками гьечIого букIунеб жо бугин клиентаздехун бугеб недегьаб каламги ва, кинаб бакIаб гьир жиндир гъуждузде беганиги, гьимун гурони, гьаракь борхун кIалъангутIиян абула росуцояз Ах1мадил рахъалъ. Гьесул гьимиялъ аза-азар километралъ рикIкIадасан рачIарал посылкаби ритIаразулги гьел рачIаразеги ракIазе хинлъи кьолин, щиб суалгун чи аскIове вачIаниги, гIагарав чиясдехун гIадинаб бербалагьиги букIунин абун т1адеги жубала.

ХIалтIулъ аслияб-захIматалъулаб низам цIуни. АхIмадица гьеб, жинца мисал бихьизабун, тIалаб гьабула пишацояздасанги. МоцIрол планал тIокIрорчIунги тIурала гьес нухмалъи гьабулеб отделениялъ. Гьеб кинабго бихьичIого хутIичIо хIакимзабаздаги. Гьев ккола почалъулазул республикаялъул профкомалъул членги, мустахIикълъана почалъул республикаялъул ва федералиял управлениязул рикIкIен гIемерал баркалабазегун шапакъатазеги.

Бокьун буго АхIмадида баркизе гIумрудул юбилей. Гьаризе гьесие щулияб сахлъи, халатаб талихIаб гIумру, хIалтIулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби, икъбал, цебетIей. Жакъа бугелдаса нахъе ккечIого, иш лъан, бажарун хIалтIи цебехун бачине тавпикъ кьеги, АхIмад дуе.

Дур бокьулеб хIалтIулъ мун вукIаги кидаго цебесеб кьерда ва камугеги дуе шапакъатазул цIадал.

**Баркигун пишацоял ва гьудул-гьалмагълъи.**

* * *

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул коллективалъги баркулеб буго АхIмадида гIумрудул юбилей ва гьарулеб буго дунялалъулгун ахираталъул лъикIлъабаздасан вохун хутIи.

# Баркула, мугIалим

**КечI сайгъат гьабула районалдаса тIоцеесей директор-чIужугIадан Гъоркьгьаквариса Басират Сулеймановалъе**



Хасалил сардида пикрабалъ вукIун,
Анищаз вачана тIадмагIарухъ дун.
Гьоркьохъеб школа дир лъугIизабураб
Лъай - гIакълу дие кьун, нухда регIараб.
Гьаб гIумрудул дарсал дие цIалараб,
ЦIумада ва сверухъ цIар тIибитIараб,
ТIогьолал авлахъаз берцин гьабураб,
ЧIамалазул тахшагьар Гьаквари росулъ.
Гьале берда цее тIамуна къаси
Басират - директор, дие лъай кьурай.
Кьвари чорхолъ бугей тIадмагIарулай
Руччабазда гьоркьой чаран гIадинай...

Пушкинил асарал дие цIаларай,
Лермонтов чIваялъул къиса бицарай,
Берцинлъи, хIеренлъи чорхолъ цIунарай,
ЦIа гIадай узданай чIамалазул яс!..
ЦIумада вукIинчIо директорлъун чи
Чамалиго соналъ дуде вахарав.
ЦIалулъ, гIадлуялъулъ, лъай цIикIк1иналъулъ
ТIоцебесеб кьерда букIана школа...



Сон церекъад гIадин, ракIалда буго
Ахирисеб цIумур нижей кьабураб.
Щивасе нижее аттестат кьураб
Ахирисеб раг1и нижей абураб.
Богорокъоб дуца нижей гьабураб
КъватIир риччаялъул кIудияб вечер.
Нухда ниж регIизе бицараб рагIи
ГIакълу нижей кьураб ракIалда буго...

Гьале гIемер заман ана долдаса нахъе
Директорлъун вуго гьанже хIалтIулев.
Дуца дарсал малъараб Пушкинил мацI
Лъималазда буго жакъа малъулеб.
Къадруялъул рахъалъ-къимат цIикIк1арай,
ЦIумада йижарай, Гьаквари гIурай,
ГIинтIидул тIегь гIадай тIадмагIарулай,
Баркула, МугIалим, Микьабилеб март!

**Муса МухIамадов,** росу Чонтаул

## Информационный материал

## О задачах оперативно-служебной деятельности подразделений Службы и правилах пограничного режима

Охрана государственной границы является составной частью защиты государственной границы и осуществляется пограничными органами федеральной службой безопасности в пределах приграничной территории в целях недопущения противоправного изменения прохождения государственной границы, обеспечения соблюдения физическими и юридическими лицами режима государственной границы, пограничного режима и режима в пунктах пропуска через государственную границу.

Пограничная зона является составной частью территории Российской Федерации, непосредственно прилегающей к государственной границе в пределах которой устанавливается и действует пограничный режим, служащий исключительно интересам создания необходимых условий охраны государственной границы и включающий правила въезда (прохода), временного пребывания, передвижения, производства работ в пограничной зоне, пользования водами российской части пограничных рек, озер и иных водоемов, производственной деятельности во внутренних морских водах и в территориальном море Российской Федерации.

Войсковая часть 2454-А напоминает жителям приграничных районов Республики Дагестан о том, что в соответствии с законом РФ от 1 апреля 1993 года № 4730-1 «О государственной границе России» на территории Республики в пределах пограничной зоны, установленной приказом ФСБ России от 2 марта 2006 № 82 «О пределах пограничной зоны на территории Республики Дагестан», действует пограничный режим, правила которого определены приказом ФСБ России от 15 октября 2012 года № 515 «Об утверждении правил пограничного режима» (с изменениями, внесенными приказом ФСБ России от 18 ноября 2013 года № 682).

В соответствии с п.п. 1.2.1.2., 1.2.1.4. данного приказа граждане Российской Федерации, иностранные граждане, лица без гражданства осуществляют въезд (проход) в пограничную зону по документам, удостоверяющим личность, индивидуальным или коллективным пропускам, выдаваемым в/ч 2454 или 2454-А.

Для получения пропуска и разрешения на хозяйственную, промысловую и иную деятельность в пятикилометровой полосе местности, подачи уведомления об осуществлении хозяйственной, промысловой и иной деятельности в пограничной зоне граждане Российской Федерации, иностранные граждане и лица без гражданства должны обратиться в в/ч 2454 (г. Каспийск, ул.Пограничная д. 1) и в в/ч 2454-А (Хунзахский район, п. Арани), либо в ближайшее подразделение в/ч 2454-А, дислоцированное в приграничном районе.

В соответствии с п. 2.1. вышеуказанного приказа хозяйственная, промысловая и иная деятельность, в том числе охота, содержание и выпас скота, проведение массовых общественно-политических, культурных и других мероприятий в пограничной зоне осуществляются:

-в пределах пятикилометровой полосы местности вдоль государственной границы на основании разрешения, выданного в/ч 2454 или в/ч 2454-А;

-в остальной части пограничной зоны-с письменного уведомления в/ч 2454 или в/ч 2454-А, подразделений, дислоцированных в приграничных районах.

Напоминаем, что нарушение правил, установленных законодательством РФ, приказами ФСБ России влечет за собой привлечение нарушителей к административной ответственности.

Убедительная просьба ко всем жителям приграничья: своевременно оформляйте разрешения на ведение хозяйственной деятельности в пятикилометровой полосе местности вдоль государственной границы и письменно уведомляйте подразделения пограничных органов об осуществлении хозяйственной деятельности в пограничной зоне!

**Сотрудник по работе со СМИ Службы в поселке Хунзах ПУ ФСБ России по РД**